



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL CHWAZI DE KONPAYI POU AVANSE INOVASYON AK FABRIKASYON TEKNOLOJI KLIMATIK NAN ETA NEW YORK**

***ADL Ventures ak SecondMuse pral administre pwogram ki konekte antreprenè ak antrepriz demaraj yo ak resous, patnè chèn apwovizònman ak fabrikan yo***

***Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a seleksyon ADL Ventures ak SecondMuse pou avanse inovasyon ak fabrikasyon teknoloji klimatik nan Eta New York. ADL Ventures ak SecondMuse pral administre pwogram ki konekte antreprenè ak Konpayi yo pral devlope epi administre pwogram - ClimateTech Growth Platform (Platfòm Kwasans ClimateTech) ak Kò Fabrikasyon (Manufacturing Corps, M-Corps) respektivman – ki konekte antreprenè ak antrepriz demaraj yo ak resous, patnè chèn apwovizònman ak fabrikan yo nan kominote yo nan tout eta a, sa k ap priyore koneksyon nan zòn ki pa jwenn ase sèvis yo. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou diminye emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050.

"Investisman kontinyèl New York nan teknoloji inovan fè avanse batay nou an kont chanjman klimatik pandan y ap plante semans pou kwasans ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kreye opòtinite pou konekte resous antreprenarya ak manifakti abondan nou yo ak konpayi atravè lemond pral ede ankouraje pi bon solisyon yo ki ka aplike ansuit nan New York pou diminye emisyon yo atravè eta a."

Atravè rekonpans sa yo, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap bay yon total ki plis pase 12 milyon dola pou bay de benefisyè yo pou bay resous biznis bay konpayi ki nan etap demaraj yo nan kad Platfòm Kwasans ClimateTech ak evolye teknoloji klimatik atravè pwogram M-Corps la. De pwogram sa yo pral jwe yon wòl kle nan ankouraje nouvo teknoloji pou diminye emisyon nan bilding yo, transpò, endistri, ak modènize rezo elektrik la nan Eta New York.

ADL Ventures te resevwa 8.5 milyon dola nan finansman pou administre Platfòm Kwasans ClimateTech la epi li pral bay yon seri resous biznis ki pral ede konpayi pre-

komèsyal ak konpayi ki nan etap kwasans komèsyalize teknoloji pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik. Resous ak sèvis sa yo enkli sipò konsiltatif, entèlijans mache, ak sipò pou ranmase lajan ak finansman, ansanm ak jiska 2 milyon dola nan sibvansyon yo akòde yon fason konpetitif. Resous yo pral gen ladan devlopman yon pòtal sou entènèt pou rasyonnalize aksè ak enfòmasyon ak ede ak desizyon y ap pran, ak patenarya ki ka ede simonte baryè tradisyonèl mache tankou jwenn kapital, konstriksyon ekip, sèvis kliyantèl, ak konsèy.

Atravè pwogram M-Corps la, SecondMuse pral itilize 3.7 milyon dola nan finansman pou konekte antrepriz dmaraj yo ak resous pou ede pwodiksyon teknoloji ki diminye emisyon oswa konsomasyon enèji. Pwogram M-Corps la pral konstwi tou yon rezo founisè nan eta a pou konekte konpayi teknoloji klimatik inovan yo dirèkteman ak fabrikan yo ak founisè yo pou ankouraje kolaborasyon ak nouvo patenarya. Pwogram nan pral ouvri pou konpayi lokal ak mondyal ak sèvis ki disponib nan tout zòn yo nan Eta New York ak yon anfas sou priorize koneksyon ak opòtinite nan kominote defavorize yo.

Platfòm Kwasans ClimateTech siksede pwogram enkibatè Enèji Pwòp NYSERDA, ki te ankouraje aksè a envestisè, konseye, patnè devlopman, ak resous komèsyalizasyon atravè eta a. Anplis de sa, sa se twazyèm renouvèlman pwogram M-Corps la, ki ede konpayi yo pran desizyon kle ki gen rapò ak devlopman fabrikasyon pou pote avèk siksè nouvo pwodwi sou mache a nan Eta New York. Vèsyon anvan pwogram M-Corps la ki te sipòte pa NYSERDA te ede avanse inovasyon teknoloji klimatik depi 2017.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Patenarya NYSERDA ak ADL Ventures ak SecondMuse pral enspire kolaborasyon nan endistri enèji pwòp ki limen dekouvèt nouvo zouti pou konbat chanjman klimatik epi montre Eta New York kòm yon lye kote biznis teknoloji pwòp ka pwospere. Koneksyon ki fèt atravè pwogram sa yo pral ede avanse pi nouvo teknoloji yo nan ekosistèm inovasyon nou an pandan y ap grandi yon ekonomi ki pi dirab pou tout Nouyòkè yo."

**Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik Eta New York la Rory M. Christian, te deklare,** "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, New York kontinye devlope ak ranfòse devlopman yon endistri teknoloji pwòp. De konpayi sa yo — ak anpil lòt moun ki deja isit la — pral ede konbat chanjman klimatik epi inogire nouvo opòtinite devlopman ekonomik pou tout Nouyòkè yo."

**Partenè ADL Ventures la, Chris Richardson, te deklare,** "Platfòm Kwasans ClimateTech la se yon pwogram devlopman antrepriz mondyal ki pral pliyè koub klimatik la nan Eta New York ak odela nan ini lespri ak teknoloji ki dèyè apeprè 100 antrepriz demaraj inovan nan yon kominote dijital dinamik. ADL Ventures ak ekosistèm antreprenè ki gen eksperyans nou an pral ede tout etap demaraj klimatik yo rafine estrateji kwasans yo, ale sou mache a, epi konekte ak kliyan antrepriz ak envestisè yo ki pral enpòtan pou ogmante jenerasyon pwochen pwodwi ak solisyon k ap ede rezoud kriz klimatik la."

**Ko-PDG SecondMuse lan, Todd Khozein, te deklare,** "SecondMuse dedye a sipòte antreprenè ak òganizasyon yo nan efò yo pou pwoteje planèt la ak kreye yon pi bon avni atravè pwogram inovan yo. Konsantrasyon nou chita nan abòde defi ki gen rapò ak ranmase lajan pou teknoloji klimatik, jesyon fatra lokal yo, resiklaj, ak lòt sektè klimatik debaz yo. Nou fè efò pou jwenn solisyon ki pèmèt konpayi yo fè yon enpak pozitif ak reyalize objektif klimatik pa yo. Renouvèlman patenarya nou an ak NYSERDA reyafime angajman SecondMuse pou abòde pwoblèm nan mond reyèl la ak pwofite nouvo teknoloji klimatik inovan yo. Nou kontan pou nou kontinye vwayaj nou an vè yon planèt dirab epi kontribye rezoud kriz klimatik la atravè kolaborasyon nou ak NYSERDA ak pwogram Scale for ClimateTech la."

Anons jodi a bati sou envestisman Eta New York nan rechèch, devlopman ak komèsyalize pou sipòte inovatè k ap akselere teknoloji ki degaje emisyon ki ba ak sekestrasyon kabòn ki nesèsè pou atenn objektif Eta a pou netralite kabòn nan tout nivo ekonomi an. Pwogram [inovasyon](#) NYSERDA ap deplwaye 800 milyon dola sou 10 ane kòm envestisman dirèk atravè sibvansyon ak sipò komèsyalizasyon global. Plis pase 680 milyon dola nan envestisman prive ak 200 milyon dola nan kapital finans pwojè yo te aktive, epi plis pase 450 pwodwi inovatè enèji pwòp yo te komèsyalize kòm rezilta teknoloji NYSERDA ak envestisman nan devlopman biznis, ki gen ladan sistèm ekleraj dyòd (LED), aparèy domestik, batri ki dire lontan, ak sistèm chofaj avèk refwadisman ki pi efikas.

Finansman pou inisyativ sa yo se atravè Fon Enèji Pwòp 6 milyadola pou 10 ane. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou [sitwèb](#) NYSERDA.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35%, avèk yon objektif 40%, nan avantaj envestisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70% pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000% nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominote Eta a

nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)